



Pou Piblikasyon Imedya: 04/11/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE DISPONIBILITE 4 MILYON DOLA NAN FINANSMAN FEDERAL POU RANFÒSE MENDÈV KONPAYON SANTE MANTAL ETA A

Finansman pral sipòte ogmantasyon opsyon tretman yo ak ekspansyon mendèv

Jodi a Gouvènè Kathy Hochul te anonse ke Biwo Sante Mantal (Office of Mental Health, OMH) Eta New York te garanti 4 milyon dola nan finansman pou rekritman ak retansyon mendèv ki pral ede ranfòse sistèm sante mantal eta a nan ogmante aksè ak sèvis konpayon ki sipòte moun ak fanmi yo nan yon vast evantay opsyon tretman ak opsyon sèvis.

"Sante mantal enpòtan, epi mwen vle chak Nouyòkè konnen ke yo pa poukont yo", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Nou pral kontinye ranfòse sèvis sante mantal eta nou an pou satisfè bezwen Nouyòkè yo nan kad rekiperasyon nou apre pandemi an."

Yo te garanti finansman Federal la atravè ekspansyon ki limite nan tan nan kad Sibvansyon Global Sèvis Sante Mantal Kominotè (Community Mental Health Services Block Grant) a ak pòsyon Pousantaj pou Asistans Medikal Federal (Federal Medical Assistance Percentage) la nan fon pou pwogram Medicaid yo.

Pwogram OMH ki gen Lisans, Finanse ak Agreye yo elijib pou resevwa finansman pou elaji aksè ak sèvis sipò konpayon pou jèn, fanmi ak adilt ke Mendèv Konpayon Sante Mantal ki Sètifye ak Akredite (Certified and Credentialed Mental Health Peer Workforce) ofri. Lajan sa yo pral elaji aksè ak Sèvis Konpayon ki baze sou prèv yo nan yon fason ki ankouraje koneksyon ki apwopriye sou plan demografik, lengwistik, ak kiltirèl.

Yo kapab itilize finansman an pou ankourajman rekritman ak retansyon pou sipòte ak elaji Mendèv Konpayon Sante Mantal ki Sètifye ak Akredite a, ki gen ladan Espesyalis Konpayon Sètifye New York yo, Defansè Konpayon Jèn ki Akredite yo ak Defansè Konpayon Familyal ki Akreditel yo pou pi byen sèvi bezwen Nouyòkè yo ki itilize sèvis sante mantal OMH yo.

Doktè Ann Sullivan, ki se Komisè OMH, te deklare, "Travayè sipò konpayon yo se moun ki deja viv eksperyans maladi mantal oswa se manm fanmi k ap pran swen jèn ki gen maladi mantal. Yo deja fè siksè nan gerizon, epi sèvi ak eksperyans yo, konpetans yo ak fòmasyon pou sipòte lòt moun nan pakou gerizon yo. Yo konnen sèvis konpayon

yo trè efikas nan ede moun k ap viv ak maladi mantal atenn pwòp objektif yo epi viv lavi konplè nan kominote pa yo. Finansman adisyonèl sa a se yon bòn nouvèl pou anpil moun ak fanmi, paske li pral elaji ak ogmante aksè ak pwogram konpayon atravè eta a yon fason konsiderab."

Reprezantant Yvette Clarke te deklare, "Finansman federal 4 milyon dola a, ke Gouvènè Kathy Hochul te garanti jodi a, pou soutni mendèv sante mantal eta nou an se yon nouvèl yo byen akeyi. Finansman enpòtan sa a se egzakteman sa kòlèg mwen yo ak mwen ap lite pou li nan Kongrè a. Finansman pou sipòte Biwo Sante Mantal Eta New York la nesèsè anpil e li pral retabli konfyans nan yon mendèv sante mantal ki gen twòp travay e ki pa peye byen. Aso COVID-19 la ak enpak kontinyèl li nan eta a, e espesyalman nan distri mwen an, kontinye ap fè santi yo, e anons sa a se soulajman nou t ap plede pou li a. Travayè sante mantal yo enpòtan anpil pou kominote defavorize nou yo ki bezwen sipò ak resous federal yo. Finansman sa a pral san dout fè yon diferans nan lavi moun ki konte sou li yo, epi nou rekonesan pou li paske li enpòtan anpil pou kenbe sèvis Sante Mantal New York yo an fonksyon."

Reprezantan Paul Tonko te deklare, "Pandan pandemi kontinyèl sa a, bezwen sante mantal kominote nou yo deja monte an flèch. Elaji opsyon tretman yo ak ranfòse mendèv sante mantal nou an esansyèl pou bay sipò Ameriken yo bezwen, se poutèt sa mwen te fè presyon sou Kongrè a pou li bay resous federal sa yo nan repons COVID nou an ak lòt lejislasyon. Mwen rekonesan Gouvènè a paske li sipòte efò enpòtan sa a pou amelyore ak elaji sèvis sante mantal pou Nouyòkè yo."

Reprezantant Kathleen Rice te deklare, "Pandemi COVID-19 la lakoz gwo domaj sou Nouyòkè yo k ap lite ak maladi mantal. Finansman federal sa a pral sèvi popilasyon sa yo nan ranfòse sèvis konpayon yo epi asire ke sipò aksesib disponib nan yon moman kote li nesèsè plis pase anvan an. Mwen remèsye Gouvènè Hochul paske li fè pwoblèm sa yon priyorite."

Reprezantan Adriano Espaillat te deklare, "Menm anvan COVID-19 te pote estrès san parèy, nou te deja ap fè fas ak yon kriz sante mantal. Pandemi a kontinye revele gwo fay nan fondasyon Ameriken yo - ki gen ladan sistèm sante mantal nou an. Mwen felisite Gouvènè Hochul pou efò kontinyèl li ak lidèchip li paske li adrese sante mantal ak byennèt moun ak fanmi yo atravè Eta New York epi distribye finansman federal adisyonèl sa a pou ranfòse pwogram sante mantal eta a. Pandan kominote yo kontinye ap rekonstwi, li enpòtan pou sante mantal ak byennèt rete nan premye plan nan kad efò nou yo pou ede rezidan yo retounen nan bòn direksyon an."

Senatè Eta a, Samra Brouk te deklare, "Antanke Prezidan Komite Sena a sou Sante Mantal, mwen pa kapab twòp egzajere sou enpòtans fon adisyonèl yo ap investi nan devlopman yon Mendèv Konpayon Sante Mantal. Pandan kominote yo atravè Eta New York ap travay pou reprann yo anba pandemi an, bezwen pou yon mendèv sante mantal ki solid, kalifye, epi ki konpetan sou plan kiltirèl pa ta ka pi enpòtan. Nou konnen ke konsèy ak defans konpayon se youn nan fason ki pi efikas pou sipòte moun

ak fanmi yo ki gen difikilte ak sante mantal, e mwen rekonesan paske Gouvènè Hochul rekonèt bezwen sa a epi mwen pa ka tann envestisman kontinyèl alavni."

Aileen Gunther, ki Manm Asanble Et a, te deklare, "Sèvis konpayon yo se fondasyon pou tretman sante mantal ki pote siksè pou anpil moun nan Eta New York. Finansman adisyonèl sa a pral yon èd fòmidad pou gason ak fanm k ap travay di ki bay sèvis ki gen anpil valè sa yo. Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul dèske li rann finansman sa disponib."

Direktè Egzekitif Jeneral Mental Health Empowerment Project la, Amy Colesante, te deklare, "Mental Health Empowerment Project (Pwojè Otonomizasyon Sante Mantal) la kontan anpil pou li wè Biwo Sante Mantal onore sipò konpayon lè li finanse efò yo pou elaji pwofesyon an nan tout Eta New York la."

Direktè Egzekitif Jeneral Families Together in New York State la, Paige Pierce, te deklare, "Plizyè deseni pase, mouvman sipò konpayon familyal lan te fèt nan konpreyansyon ke fanmi ki gen eksperyans ke yo viv nan navige sistèm yo akote timoun yo ak jèn yo vini ak pwòp seri defi inik li yo. "Mwen te toujou prezan" se mo pwisan pou yon paran tande pandan y ap fè fas ak yon sans fristrasyon, izolman, jijman, ak lapenn yo santi pandan y ap aksepte dyagnostik pitit yo ak navige sistèm sèvis la. Nan non paran yo ki te fonde Family Peer Advocacy ak tout moun ki benefisye li, nou eksprime rekonesans ki pi pwofon nou pou angajman Gouvènè Hochul pran pou ogmante wòl enpòtan sa a."

Direktè Egzekitif Jeneral New York Association of Psychiatric Rehabilitation Services la, Harvey Rosenthal, te deklare, "Depi lontan sipòte konpayon yo jwe yon wòl esansyèl nan ede yon gwo divèsite Nouyòkè jwenn espwa, ankourajman ak egzanp pou pwomote sante yo ak gerizon yo. Yon gran mèsi pou Gouvènè Hochul ak Komisè Sullivan paske yo te fè li posib pou elaji aksè ak sipò konpayon nan yon moman kote yo bezwen li plis pase anvan."

Direktè Youth Power a, Tiara Springer-Love, te deklare, "Defans Jèn yo atravè sèvis Konpayon se yon wòl ke jèn yo ak jèn adil yo konsevwa pou tèt yo. Lè jèn yo ka la pou youn sipòte lòt, gen bagay enkwayab ki rive. Investisman sa a nan Mendèv pou Defans Jèn yo atravè sèvis Konpayon pral amelyore angajman jèn yo ak jèn adil yo k ap tranzisyon pou yo vin adil. Pandemi COVID-19 la gen enpak negatif sou tout jèn ak jèn adil yo. Koneksyon pwofon, mityèl ant konpayon yo se sa nou bezwen pandan tan sa a pou nou pwospere."

###